sanitation

# Sart bi ci Kayit u Sañ-Sañ u Jaaykat u Lekk yii:

## Mbir yu Fés ak Tektal ngir Gën Xam Sart yii

*Da ngeen di jaay, da ngeen di luwe wala da ngeen di jaay lekk ci mbedd bi niki tali wala torotwaar?*

**Ci wall u Sart bi ci Kayit u Sañ-Sañ u Jaaykat u Lekk yii:**
The Department of Heath and Mental Hygiene (DOHMH) feeñal na juroom benn i (6) xeet u Kayit u Sañ-Sañ u Jaay Lekk. Juroom yii ay Yeesal Ñaar i At lañu (dafay soxla nga yeesal ñaar i at yu nekk). Benn bi Yeesal Benn At la (dafay soxla yeesal at bu nekk). Kayit u Sañ-Sañ yii ñooy:

1. **Citywide (lepp-li war) (Yeesal Ñaar i At):** Ñi yore kayit u sañ-sañ mën nañu jaay at um lëpp ci tali askan yii ci rondismaa bu nekk.
   - Am na itam ab kayit u Sañ-Sañ u Citiywide yu ñu Jagleel Aansiyeen Kombataŋ yi ame Laago/Nit yi ame Laago/Aansiyeen Kombataŋ yi Amul Laago.
2. **Rondismaa bu Jagleelu (gennee ci Manhattan) (Yeesal Ñaar i At):** Ñi yor kayit u sañ-sañ u mën nañu jaay at mi yëpp ci tali yii ca Bronx, Brooklyn, Queens, wala Staten Island.
3. **Meññeef ak Lujum (Green Cart) (Jaglewu ci Rondismaa) (Yeesal Ñaar i At):** Ñi yore kayit u sañ-sañ mën nañu jaay ay meññeef yu beess, ay lijum, ndox, ak ay doom yu ñu witt ci benn at um lëmm ci tali yii ak ci rondismaa bu nekk waaye alkaati yi fa nekk mën koo yemale.
4. **Barab yi ñuy Tere ci Citywide (Yeesal Ñaar i At):** Ñi yore kayit u sañ-sañ mën nañu jaay ci barab bu nit moomal boppam wala ci barab bu alkaati NYC Parks yii di saytu. Jaay ci barab bu nit moomal boppam dafay laaj ki ko moom jox la sañ-sañ.
5. **Bu jagleelu (Da ñu ko jagleel Aansiyeen Kombataaŋ yi ame Laago ak Seen waa Kër/Soxna (Yeesal Ñaar i At):** Ñi yore kayit u sañ-sañ mën nañu jaay ci at mi yëpp waaye dañu leen yemale ci li wër NYC Park.
6. **Ay jamono (Citywide kepp) (Yeesal Benn At):** Ñi yore kayit u sañ-sañ mën nañu jaay ci tali yi nekk ci rondismaa yii 1 Awril ba 31 Oktoobar.

Mbind: Ngir xibaar yu gën bari ci wall u kayit u sañ-sañ yii, seet il nyc.gov/health

Ngir sa yombalal, xeet bu nekk ci suuf bokk na ci mbir yu am solo ci kanam u yoon wala sart, ngir nga mën ci sukandiku ngir di fa andi xibaar yu gën bari. Caabi bi ci suuf dafay wone sukandiku sart u yoon yii ak mandarga yi ñu jëfëndikoo ci biir kayit bii.

**Kayit gii jagleeluñu ko jaaykat u Lekk yii di yengu te nekk ci NYC Park yii.**

| CAABI |
|---|
| **NYC Code:** Kot u Nguur bu NYC<br>**RCNY:** Sart u Gox u New York<br>**§**: Pacc<br>**§§**: Pacc yii |

| Kayit u Sañ-sañ yii | |
|---|---|
| 1 | Da nga war a am kayit u sañ-sañ u Jaaykat u Lekk buy Yengu bu jaar yoon te dëppoo ak sart u Department of Health and Mental Hygiene (DOHMH) Mobile Food Vendor kayit u sañ-sañ.<br><br>**Pexe:** Jaay, luwe, wala di jaay wala di luwe ay ñjaay wala ay mëneef, gennee ci lekk, ci ab barab buy laaj General Vendor bu bayyeekoo ci Department of Consumer and Worker Protection (DCWP, formely Consumer Affairs).<br><br>**Pexe:** Jaay ay ñjaay ci tali bu ñu jagleel loolu (c.m., tali bu ñu jagleel, xew-xew, wala xawaare) soxla na Temporary Street Fair Vendor Permit bayyeekoo DCWP. |
| | **NYC Code §17-307(a)(1)** |
| 2 | Sa sareet wala sa oto war naa am ci DOHMH Kayit u Sañ-Sañ u Mobile Food Vendor bu jaar yoon. |
| | **NYC Code §17-307(b)(1)** |
| 3 | Da nga war a yore sa kayit u sañ-sañ u Jaaykatu Lekk buy Yengu bu DOHMH ngir mu feeñ ci askan wi ak alkaati yii saa su nekk. |
| | **NYC Code §17-311(b)** |

sanitation

# Sart bi ci Kayit u Sañ-Sañ u Jaaykat u Lekk yii:

## Mbir yu Fés ak Tektal ngir Gën Xam Sart yii

| | |
|---|---|
| 4 | Etiket u kayit u sañ-sañ u Jaaykat u Lekk buy Yengu ak bataaxal u toftale yii dañu leen war a taf ci sareet bi wala ci oto bi dafa war a feeñ saa su nekk ci askan wi ak ci alkaati yii doxal yoon wi saa su nekk.<br>**Pexe:** Kayit u sañ-sañ bi soxlawul mu nekk ci tur u jaaykat bi. |
| | **NYC Code §17-311(c)** |
| 5 | Da nga war a am Kayit u sañn-sañ u jaaykat bu jagleelu ngir jaay ci tali yii ci biti park bi. |
| | **NYC Code §17-315(i)** |
| 6 | Ñi yore ay kayit u sañ-sañ u Barab yi ñu Yemale mënu ñu jaay ci mbedd mi. |
| | **NYC Code §17-307(b)(1)** |
| **Ñi yore Kayit u Sañ-Sañ u Green Cart yii** | |
| 7 | Mën nga jaay dong ay meññeef ak ay lijum, ndox, wala benn xeet u gerte. |
| | **NYC Code §17-307(b)(1)(c)** |
| 8 | Ci rondismaa ak komisariyaa u alkaati yi nekk ci sa kayit u sañ-sañ rek nga mën ligeeyee. |
| | **NYC Code §17-311(d)** |
| **Barab** | |
| ***Barab yi ñu aaye jaay te am yenn yemale*** | |
| 9 | Mënuloo jaay ci biir ci suuf u "Wall u World Trade Center" (bokk na ci tali digaloo yii) ca Manhattan:<br>• Digaloo bi feete Peŋku: wet u peŋku bu Broadway<br>• Digaloo bi feete saalum: wet u saalum bu Liberty Street<br>• Digaloo bi feete Sow: wet u sow bu West Street<br>• Digaloo bi feette gannaar: wet u saalum bu Barclay Street<br>*Yu ci bokkul:*<br>Jaaykat u Lekk yii Yengu yii mën nañu jaay ci tali yii di topp:<br>• Broadway ci digante Barclay Street ak Vesey Street<br>• Fi feete Peŋku u West Street ci digante Barclay Street ak Vesey Street<br>• Fi feete saalum u Barclay Street ci digante Church Street ak Broadway |
| | **NYC Code §17-315(k)(1)** |
| ***Barab yi ñu aaye jaay te amul beral*** | |
| 10 | Mënuloo jaa ci barab yi nekk ci suuf ci Manhattan:<br>• Greenwich Street ci digante Liberty Street ak Thames Street<br>• Fi feete peŋku u West Broadway ci digante Barclay Street ak Park Place<br>• Liberty Street ci digante Trinity Place ak West Street<br>• Fi feete Peŋku u West Street ci digante Liberty Street ak Cedar Street<br>• Fi feete Sow u Trinity Place ci digante Liberty Street ak Thames Street |
| | **NYC Code §17-315(k)(1)** |
| 11 | Mënuloo jaay ci lu yees 20 feet ci wet u kafe yii ci kow torotwaar yii ak taabal yi teeraas yii. |
| | **NYC Code §17-315(d)** |

sanitation

# Sart bi ci Kayit u Sañ-Sañ u Jaaykat u Lekk yii:

## Mbir yu Fés ak Tektal ngir Gën Xam Sart yii

| | |
|---|---|
| 12 | Mënuloo jaay ci biir 10 feet ci salube yoon u tali, duggukaay u metro yii, wala yoon yii. |
| | **NYC Code §17-315(e)** |
| 13 | Mënuloo jaay:<br>• ci biir ab are biis wala taksi wala ci doxukaay bu nekk ci wet u barab u "taxawukaay" bu nekk ci wet u lopitaal<br>• ci kow yoon u doxukaay bi, xanaa mu nekk yoon bu ñu jagleel dox wala ab barab (ak fu ñu mey nit ñii ñu dox) |
| | **NYC Code §§17-315(e), 17-315(h)** |
| **Teg ak Nataalal** | |
| 14 | Ci sareet wala oto rek ngay mën jaay. |
| | **NYC Code §17-307(b)(1)** |
| 15 | Da nga war a bayyi yoon ngir nit ñi dox lu toll ak 12 foot ci yaatuwaay ngir aji dox yii.<br>**Pexe:** Guddaay bi da ñu ko natt juge ci rëdd u kër yii ba ci torotwaar yii yu ñuy dajeel (c.m., yeewukaay u welo yii, robine sapeer, mandargaay tali yii) wala, su fekkee ni amul ay fatt-fatt, ba ca jaddukaay ba. |
| | **NYC Code §17-315(a)** |
| 16 | Sa sareet dafa war a nekk ci wet u torotwaar bi. |
| | **NYC Code §17-315(a)** |
| 17 | Sa sareet/taabal, wala oto, ñjaay yi ngay jaay ak bepp mbir bu laal ci ñjaay warul laal benn batimaa wala tabax (c.m., lap u mbedd yii, gareekaay u oto yii, boyet u bataaxal yii, pooto mandargakaay yii, robinet sappeer yii, baag u garab yii, baŋ yii, are biis yii, poll u mbalit yii wala baraas u tali yii). |
| | **NYC Code §17-315(b)** |
| 18 | Li nga mën rek mooy jëfëndikoo barab bi ci sa suuf u sareet wala oto bi ngay deñc say mbir yi ngay jaay. |
| | **NYC Code §17-315(c)** |
| 19 | Sa sareet dafa war a nekk lumu neew-neew ci 20 feet ak buntu duggukaay wala gennukaay u batimaa yii. |
| | **NYC Code §17-315(d)** |
| 20 | Da nga war am dara ci sa suuf u sareet ngir aar sa lekk wala sa jumtukaay ngir ñu baña loru.<br>**Pexe:** Mën nga jëfëndikoo paraasol bu baax. |
| | **24 RCNY §6-04(o)** |
| 21 | Wet bi gën gudd ci sa sareet wala sa oto dafa war a tolloo te nekk ci wet u torotwaar bi. |
| | **24 RCNY §6-06(a)** |
| **Leneen** | |
| 22 | Su fekkee ni sa sareet wala sa taabal dafa nekk ci tali oto bi (c.m., barab u gaarekaay yii), da nga war a topp sart u dawal ak gaare. |
| | **NYC Code §17-315(f)** |
| 23 | Mënuloo nekk ci ab gaarekaay buñuy fay. |
| | **34 RCNY §4-08(h)(7)** |

sanitation

# Sart bi ci Kayit u Sañ-Sañ u Jaaykat u Lekk yii:

## Mbir yu Fés ak Tektal ngir Gën Xam Sart yii

| | |
|---|---|
| **Jeebaane Ñjëg** | |
| **24** | Ngir ñjaay yi ngay jaay yëpp, da nga war a nataalal ñjëg yii teggi ttaks ci anam bii:<br>• Ngir ñjaay u kepp yii ak ab tampoŋ, etiket wala mandarga. WALA<br>• Ci ab pano bu feeñ fi ñjaay bi di nekk. |
| | **NYC Code §20-708** |
| **Mbalit** | |
| **25** | Mënuloo sotti mbalit ci kow tali bi. |
| | **NYC Code §16-118** |
| **26** | Mënuloo sanni mbalit ci biir poll u mbalit bu nekk ci tali bi. |
| | **NYC Health Code, 24 RCNY Art. 89.25(a)** |
| **27** | Benn ndox, mbalit, wala lekk warul senn wala di wadd ci sa sareet wala sa oto. |
| | **NYC Health Code, 24 RCNY Art. 89.25(c)** |

Ngir xibaar yu gën bari: **Seetal** nyc.gov/BusinessToolbox | **Jokkool ak 311** (212) NEW-YORK (Biti NYC)

*Kayit gii dañu koy joxe ngir pexey xamal rek, nekkul lu mat te nekkul xalaat u yoon. Sosiyeete yii nekk ci dëkk u New York war na ñu topp yoon yii ak sart ni nekk, ci Dëkk bi ak ci Gox bi. Sosiyeete yii am na ñu warugar u xam ak di topp sart yii daw te di wax ak ñoom.*